

Nim. 202.44

**DEKRÈ EGZEKITIF**

**KONTINITE SISPANSYON AK MODIFIKASYON TANPORÈ LWA YO  
KI GEN RAPÒ AK IJANS NAN SITIYASYON KATASTWÒF LA**

**LÈ NOU KONSIDERE**, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la; ak

**LÈ NOU KONSIDERE**, yo te dokimante alafwa ka transmisyon COVID-19 ki gen pou wè avèk vwayaj ak ka transmisyon COVID-19 akòz kontak nan kominote a nan Eta New York epi yo prevwa sa pral kontinye toujou;

**KOUNYE A, AN KONSEKANS**, Mwen Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York la, konfòmman ak otorite ki te konfye mwen dapre Seksyon 29-a nan Atik 2-B Lwa Egzekitif la, avèk dokiman sa, m'ap sispann oswa modifiye de fason tanporè pwovizyon lwa sa yo jiska 21 jiyè 2020:

- Atik 5 nan Lwa sou Taks sou Byen Imobilye, pou pèmèt yo depoze yon seri evalyasyon taks sou byen imobilye pwovizwa ak definitif jiska 30 jou anreta; k'ap pèmèt to tandè plent evalyasyon pou inite evalyasyon taks yo 21 jou apre yo fin depoze seri pwovizwa a; pèmèt yo pibliye sou entènèt avi depo pwovizwa seri yo epi sispann enspeksyon an pèsòn sou seri pwovizwa yo; ak pou pèmèt Konsèy Revizyon Evalyasyon (Boards of Assessment Review) yo tandè plent yo adistans.
- Lwa Taks sou Byen Imobilye § 1212, pou pèmèt komisè Depatman Taks ak Finans pou sètifiye to final egalizasyon eta yo, rapò klas yo, ak to egalizasyon klas yo pa pita pase 10 jou anvan dènye dat lalwa te voye a.
- Lwa sou Edikasyon § 680, pou pèmèt famasyen ki gen lisans yo pou kòmande ak administre tès COVID oswa tès pou antikò li yo.
- Lwa sou Sante Piblik § 571 (6), pou pèmèt famasyen ki gen lisans yo pou yo deziyen yo kòm pwofesyonèl swen sante kalifye pou yo ka kondui yon sèvis laboratwa limite pou teste pasyan yo pou COVID oswa antikò li yo.
- 10 NYCRR 401.3(a),(e), 709, 710, 710.1 oswa nenpòt lòt règleman ki aplikab yo, pou pèmèt DOH apwouve ak sètifiye sit akouchman ki dedye pou opere pa lopital ak sant akouchman ki gen lisans yo.
- Atik 6 ak 15 nan Lwa Elektoral la (Election Law) an relasyon ak òganizasyon nenpòt eleksyon nan vilaj yo ki gen pou fèt nan dat 15 septanm 2020 konfòmman a Dekrè Egzekitif sa a, ak aktis 6 nan Lwa sou Lavil la yo tanporèman anile epi yo otreman modifiye jan nou pral mansyone la:
  - Nenpòt eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki anvan sa te pwograme pou fèt an mas, avril, me, oswa jen, pral fèt nan dat 15 septanm 2020. Pou nenpòt eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki te pwograme pou fèt nan dat 15 septanm 2020 jan Dekrè Egzekitif sa a te mande sa, tout nominasyon pati yo ta dwe fèt pa komite pati an, ki ka fèt a distans jan prezidan pati sa a te etabli nan dokiman sa a, epi ki ta dwe fèt pa pi ta pase dat 20 dawout 2020, epi a kondisyon ke yo te depoze yon sètifikasyon nomimasyon ki soti nan men komite sa a ak nenpòt sètifika refi oswa ratifikasyon yo pa pi ta pase dat 22 dawout 2020, epi a kondisyon ke yon fwa ke yo soumèt yon sètifika refi, yo pa pral pèmèt yo soumèt okenn lòt.

- Tout nominasyon endepandan pou yon eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki anvan sa te pwograme pou fèt anvan mwa septanm 2020, ki kounye a dwe fèt nan dat 15 septanm 2020, ta dwe ranvwaye jiskaske yo anile 'NY on Pause', ki sijè a yon pwosesis ki detèmine pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti.
- Nenpòt eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki te ranvwaye pa Dekrè Egzekitif yo epi ki te inisyalman pwograme pou fèt an mas, avril, me, oswa jen 2020 pou ki yo te totalman detèmine bilten vòt yo nan moman yo te pibliye Dekrè Egzekitif sa a, ta dwe kontinye ak menm bilten vòt ke yo ta pral itilize nan eleksyon ki ta pral fèt anvan sa a, epi si yo te deja enprime bilten vòt sa yo, yo ka itilize bilten vòt sa yo nan eleksyon ki pral fèt nan dat 15 septanm 2020 yo menm si yo gen sou yo dat inisyal eleksyon yo.
- Nenpòt pwovizyon ki nan lwa elektoral oswa lwa vilaj la ki otreman aplikab a fason pou fè yon eleksyon konsa an mas, avril, me oswa jen, ta dwe aplike nan eleksyon ki ap fèt nan dat 15 septanm 2020 lan.
- Otorite vilaj oswa vil ki eli yo nan yon eleksyon ki te repwograme nan dat 15 septanm 2020, ta dwe rantre an fonksyon kou yo fin depoze rezilta sondaj yo devan grefye vilaj la konfòmman a seksyon 15-126 nan Lwa Elektoral la oswa ki sètifye pa Konsèy Elektoral la, epi dire mande ofisye sa yo ta dwe fini kòm si yo te eli nan moman yo te inisyalman planifye eleksyon yo.
- Nenpòt eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki te ranvwaye anvan sa pa Dekrè Egzekitif yo pou ki aksè a bilten vòt yo pa't fin konplete nan moman sispanasyon sa a ta dwe fèt sèlman an akò ak pwovizyon aksè a bilten vòt yo ki aplikab pou eleksyon ki pral fèt nan dat 15 septanm 2020 yo.
- Lwa sou Eleksyon § 9-209, pou pèmèt bilten vòt pa korespondans ki te soumèt pa yon elektè ki te mande yo pou yon eleksyon anile ak repwograme pou yo depoze ak konte sòf si elektè a parèt pou vote nan eleksyon repwograme a oswa mande yon lòt bilten vòt.
- Lwa sou Eleksyon §8-410, pou mande konsèy elektoral pou nenpòt eleksyon ki te fèt anvan 1ye jiyè 2020 pou kenbe yon sistèm vòt ki aksesib pou elektè yo ki vle make bilten yo an prive e endepandan; sa dwe sou sit entènèt yo pou moun konnen sèvis la,
- Lwa sou Eleksyon § 16-108, pou pèmèt nenpòt Jistis nan Tribinal Siprèm lan tandè zafè eleksyon yo nan jou eleksyon an epi detèmine yo pa telefòn oswa videyo konferans.
- Lwa sou Eleksyon § 8-407, pou pèmèt enspektè konsèy elektoral yo pa ale ni vizite enstalasyon yo pou bay bilten vòt pa korespondans fizikman, epi yo pral voye yo pa imèl oswa pa livrezon pèsònèl.
- Lwa sou Eleksyon § 5-204, pou elimine bezwen pou enskripsyon lokal oswa an pèsòn nan sit biwo vòt yo an 2020.
- Lwa sou Sante Piblik § 576-b(1) ak 10 NYCRR 58-1.7, 58-1.9 pou pèmèt laboratwa klinik yo aksepte e egzamine echantiyon tès COVID-19 ki soti nan etablisman mezon retrèt to ak swen pou granmoun aje yo san yo pa gen preskripsyon oswa òdonans epi pou rapòte tès anplwaye ki apwopriye a nan etablisman yo; epi mande pou etablisman yo rapòte ka pozitif yo nan depatman sante lokal la pou òdonans tretman ak izolman.
- Lwa sou Edikasyon § 6530, nan limit ki nesesè pou pèmèt doktè bay òdonans tès COVID-19 pou koleksyon endepandan san li pa gen yon relasyon doktè-pasyan.

**AN PLIS DE SA**, konfòmman a otorite ke lalwa bay mwen selon Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la pou pibliye nenpòt enstriksyon pandan yon ijans nan sitiyoasyon katastwòf ki nesesè pou fè fas ak katastwòf la, mwen, avèk dokiman sa a, ap pase enstriksyon nou pral site la yo pou peryòd soti ant dat Dekrè Egzekitif sa a jiska dat 21 jiyè 2020:

- Komisè Sante a gen otorizasyon pou sispann oswa revoke sètifika fonksyonman nenpòt etablisman retrèt oswa etablisman mezon retrèt ki kalifye si li te detèmine ke etablisman sa a pa ka adere a nenpòt règleman oswa enstwiksyon ke Komisè Sante a te bay, epi si li te detèmine ke li pa an konfòmite e malgre nenpòt lwa ki kontrè Komisè an ka nonmen yon resepte pou kontinye operasyon yo sou avi 24 èdtan bay operatè aktyèl la, pou kapab pwoteje lavi, sante ak sekirite moun ki nan Eta New York yo.
- Eleksyon espesyal pou Asanble Eta a ak Sena Eta a, ki otreman te planifye pou yo fèt nan dat 23 jen 2020, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo. Eleksyon espesyal ki gen pou fèt pou biwo Prezidan Awondisman Queens lan, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo.
- Eleksyon espesyal ki gen pou fèt pou biwo Konsèy Vil la nan 37<sup>yèm</sup> distri a, avèk dokiman sa a, yo anile epi biwo sa yo ta dwe ranpli nan eleksyon jeneral yo.
- Enstwiksyon ki gen rapò ak moun ki bay sipò pou pasyan akouchman yo ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.13 ak 202.12, avèk dokiman sa a, li modifiye pou mande nenpòt etablisman atik ventywit, ta dwe, kòm yon kondisyon akreditasyon, pèmèt nenpòt pasyan ki ap akouche yo gen bò kote yo: yon moun ki ap bay sipò, ki pa gen sentom COVID-19 yo, pandan akouchman an, epi rete tou pandan pasyan an nan lopital la; ak oswa yon fanm saj, ki pa gen sentom COVID-19 yo, pandan akouchman an, epi rete pandan pasyan an nan

lopital la;. Prezans yon moun ki bay sipò ak/oswa fanm saj pral sijè a eksepsyon pou nesese medikal ke Komisè a te detèmine.

- Enstwiksyon ki genyen nan Dekrè Egzekitif 202.10 la bay Komisè Sante a otorizasyon pou li òdone tout lopital jeneral, sant chiriji anbilatwa yo, sant pratik ak dyagnostik ak tretman chirijik ki fèt nan biwo yo pou ogmante kantite kabann ki disponib pou pasyan yo, ki enkli apati anilasyon chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo, avèk dokiman sa a, li modifiye sèlman kote sa nesese pou otorize lopital jeneral yo fè chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo depi yo ranpli kritè nou pral site la yo: nan yon konte, kapasite total ki disponib pou resevwa pasyan nan lopital la plis pase trant pousan epi kapasite ICU total ki disponib nan lopital la plis pase trant pousan ak chanjman total, soti depi 17 avril 2020 rive 27 avril 2020, nan kantite pasyan ki ospitalize yo ki pozitif pou COVID-19 yo mwens pase dis; pou chak lopital ki nan konte a ki te ranpli kritè elijibilite a, kapasite total ki disponib pou resevwa pasyan nan lopital la plis pase trant pousan epi kapasite ICU total ki disponib nan lopital la plis pase trant pousan ak chanjman total, soti depi 17 avril 2020 rive 27 avril 2020, nan kantite pasyan ki ospitalize yo ki pozitif pou COVID-19 yo mwens pase dis. Komisè Sante a gen otorizasyon pou li pase enstwiksyon pa rapò a aplikasyon kritè sa yo. Lopital jeneral ki gen otorizasyon pou yo fè chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo dwe rapòte, pou minimòm, kantite ak tip chiriji ak pwosedi yo te fè yo bay Depatman Sante (Department of Health) a, nan yon fason ke Komisè a te preskri. Lopital jeneral ki pa ranpli kritè pou kapab fè chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo ki genyen nan enstwiksyon sa a ka mande yon egzansyon pou entèdiksyon an, lè yo ap soumèt yon plan ki enkli, pou minimòm, kapasite etablisman yo a, konfigirasyon fizik, pwotokòl maladi enfektye yo, ak kapasite pèsònèl yo, ki enkli nenpòt enfòmasyon sou difikilte anplwa ki aplikab yo ki gen ladan nenpòt rediksyon nan mendèv yo, ki enkli konje yo, ki te rive akòz enkapasite etablisman sa a pou li fè chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo, oswa nenpòt rediksyon nan mendèv yo, ki enkli konje yo, ki ka rive imedyatman akòz enkapasite etablisman sa a pou li fè chiriji ak pwosedi ki opsyonèl yo, bay Depatman Sante a, nan yon fason ke Komisè a te preskri. Lopital jeneral yo pa ta dwe fè okenn chiriji ak pwosedi ki opsyonèl pou pasyan yo jiskaske chak pasyan sa yo te teste negatif pou COVID-19 apati yon tès apwobasyon, epi lopital la ak pasyan an te konfòme yo anba enstwiksyon anvan operasyon ak anvan pwosedi yo nan yon fason ke Komisè a te preskri.
- Nenpòt distri oswa distri espesyal, ki enkli, men ki pa limite sèlman a dife, bibliyotèk, bouch egou, oswa dlo, ki ap fè yon eleksyon ak/oswa vòt sou bidjè yo ta dwe repwograme yo pou fèt nan dat 15 septanm 2020, epi kòlèk siyati pou petisyon nominasyon yo, avèk dokiman sa a, li anile jiska nouvèl òd, ki sijè a yon pwosesis ki detèmine pa yon Dekrè Egzekitif nan fiti; a kondisyon sepandan ke yon distrik bibliyotèk ka fè yon eleksyon nan dat 9 jen 2020 konfòmman a Dekrè Egzekitif sa a si yon distri eskolè ap jere eleksyon sa a.
- Sikilasyon, ranplisaj, ak kòlèk nenpòt petisyon nominasyon endepandan konfòmman a seksyon 6-138 nan Lwa Elektoral la pou nenpòt biwo ki ta pral otreman sikile oswa ranpli konfòmman a Lwa Elektoral la oswa pou nenpòt eleksyon distrik espesyal yo, jan ke yo pèmèt sa selon Dekrè Egzekitif 202.13 la, ap kontinye rete ranvwaye jiska nouvèl òd epi yo ta dwe sijè a yon Dekrè Egzekitif nan fiti.
- Nenpòt eleksyon nan vilaj oswa nan vil yo ki te ranvwaye an mas 2020, oswa ki te planifye pou fèt nan dat 16 jen 2020, oswa nenpòt lè anvan dat 15 septanm 2020, avèk dokiman sa a, yo repwograme pou fèt nan dat 15 septanm 2020
- Dekrè Egzekitif 202.23 a modifiye pou klarifye ke yo ta dwe voye yon bilten vòt pou moun ki absan ak yon anvlòp kourye retou ki tou peye bay nenpòt elektè ki nan sitiyasyon aktif/inaktif epi ki kalifye pou vote nan eleksyon primè oswa espesyal yo ki gen pou fèt nan dat 23 jen 2020 ki mande yon bilten vòt pou moun ki absan apati telefòn pou eleksyon espesyal oswa eleksyon primè 23 jen yo; a kondisyon sepandan ke yo pa ta dwe voye plis pase yon sèl bilten vòt pou moun ki absan bay chak elektè, epi yo pa ta dwe mande yo ranpli yon aplikasyon swa anvan oswa an menm tan yo resevwa bilten vòt pou moun ki absan an. An plis, Konsèy Elektoral ki ap resevwa demann nan telefòn yo dwe kenbe yon rejis sou demann nan telefòn sa yo pou yon bilten vòt pou moun ki absan, epi yo ka konplete aplikasyon pou bilten vòt pou moun ki absan an pou rejis sa a nan non elektè ki te fè demann bilten vòt pou moun ki absan an, a kondisyon ke yo pa't detèmine ke yon bilten vòt pou moun ki absan te envalid akòz mank yon aplikasyon ki konplè pou yon bilten vòt pou moun ki absan pou kèlkeswa rezon
- Nenpòt sispansyon oswa anilasyon nenpòt lwa ki jiska jodi a yo te sispann nan Dekrè Egzekitif 202 a, oswa nenpòt Dekrè Egzekitif ki amande oswa ki modifiye ke yo te pibilye apre yo, ki te pèmèt egzèsis yon metye nan Eta New York san yon akreditasyon oswa anrejistremman aktyèl nan Eta New York, ki enkli men ki pa sèlman moun ki gen lisans ki

valid nan yon lòt eta oswa nan peyi Canada, avèk dokiman sa a, yo pwolonje pou yon peryòd trant jou pou pèmèt pwofesyonèl sa yo gen posibilite pou yo kontinye bay sèvis ki nesèsè pandan entèvansyon Eta a ap fè kont COVID-19.

- Otorite Komisè Taksasyon ak Finans (Commissioner of Taxation and Finance) lan pou diminye penalite pou deklarasyon taks ak peman an reta konfòmman ak seksyon 1145 Lwa sou Taks (Tax Law) la avèk dokiman sa a etann pou otorize rediksyon enterè ak penalite pou yon peryòd jiska 100 jou pou kontribyab yo te egzije deklare taks yo ak vèsè taks sou lavant ak itilizasyon yo avan 20 mas 2020, pou peryòd chak trimès taks sou lavant yo ki te fini 29 fevriye 2020 an.
- Yo pèmèt nenpòt moun ki gen lisans oswa yon franchiz pis kous nan Eta a ekplwate pis kous sa a apati premye jen 2020, depi ke pis kous sa a pa pèmèt nenpòt vizitè oswa fanatik nan etablisman an, ak pèmèt sèlman pèsonèl esansyèl ki pou sou sit la; epi depi ke detantè lisans oswa franchiz pis kous sa a, ak tout pèsonèl esansyèl yo konfòme yo ak nenpòt direktiv oswa konsèy ki soti nan Depatman Sante (Department of Health, DOH) ak/oswa Komisyon Jwèt Aza (Gaming Commission) a.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan venteyinyèm jou mwa jen  
nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a